

Deklarasyon Enpak Sou Ekite pou Pwojè Bidjè Ane Fiskal 2023-24 la

Tit: Devlopman Bidjè Egzèsis 2024 la

Dat: 1 février 2023

Èske yo te itilize [Racial Equity Planning Tool](#) la? Wi Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la: _____

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflele idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, militeng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Bidjè Egzèsis Fiskal (Fiscal Year, FY) 2024 pou Lekòl Piblik Boston yo gide pa konviksyon chak timoun, nan chak salklas, nan chak lekòl ap desèvi opòtinite pou aprann, grandi, ak epanwi. Nou vize fè evolye distri a vè yon bidjè dirab odela finansman sekou Ijans pou Lekòl Primè ak Segondè (ESSER) ki reponn ak bezwen aktyèl elèv nou yo, epi jete baz pou antreprann divès chanjman ki nesèsè depi lontan nan kesyon literasi, enklizyon, ak bilengwism ak kritik ansèyman segondè pou kenbe pwomès ekite ak ekselans nan kesyon edikasyon nou an.</p> <p>Bidjè Egzèsis 2024 la vize ekilibre plizyè estrateji, ki gen ladan yo depans finansman ESSER yo, idantifikasyon divès sous finansman dirab, pasaj de yon konsantrasyon “inofansif¹” ale nan investisman estratejik, epi kenbe sèvis ak pwogram ki esansyèl pou elèv yo.</p> <p>Bidjè sa pral pwofite de travay ki ap fè yon diferans dirèk nan satisfè bezwen elèv yo, epi kreye yon distri enklizif, wot pèfòmans pou tout moun. Sis domèn kle yo pral resevwa ogmantasyon finansman: Estrateji Enklizyon, Edikasyon Militeng, Literasi Ekitab, Jistis Reparatis/Travay Sosyal/Sekirite Elèv, Lekòl Segondè ak Edikasyon Altènatif, epi Angajman Fanmi ak Kominotè.</p> <p>Divizyon Finans lan kondwi nan devlopman bidjè a. Divizyon an gen ladan l pèsonèl ki site anwo a. Divizyon an gen ladan l 9 pèsonèl ki idantifye kòm Blan, 8 ki idantifye kòm Nwa oubyen Afwo-Ameriken; 5 ki idantifye kòm Latino oubyen Latina; 1 ki idantifye kòm Nò Afriken; 1 ki idantifye kòm Azyatik; 1 ki idantifye kòm Azyatik ak Natif Awayen; 1 ki idantifye kòm Nwa oubeyn Latino; ak 1 ki idantifye kòm Nwa ak Blan.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliye ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Bidjè distri a se yon deklarasyon sou valè nou yo, ak chak pwopozisyon investisman ki aliye ak yon eleman Plan Estratejik. Espesyalman, pwopozisyon yo konsantre sou:</p> <p><i>Estrateji Enklizyon</i></p> <p>1.10 Devlope ak siveye pwogrè pou atenn objektif eksplisit pou elèv ki andikape yo epi mete an èv divès estrateji pou ogmante pratik enklizyon yo epi remède dispwopòsyonalite nan divès kontèks ki pa fin prepare nèt.</p> <p>2.2 Soutni epi ankadre edikatè yo pou yo ofri divès opòtinite aprantisaj enklizif wot kalite pou yo asire ke elèv andikape yo resevwa bon sèvis nan kad ansèyman jeneral la.</p> <p><i>Edikasyon Militeng ak Miltikiltirèl</i></p> <p>1.4 Reyalize sipò espesifik pou elèv Anglè yo pou elaji pwogram ki ankouraje bileng/miltileng ki genyen ladan edikasyon bileng, doub lang, ak pwogram eritaj kiltirèl yo.</p>

¹ “Inofansif” refere ak yon politik pou kenbe yon finansman lekòl menm lè enskripsyon yo te diminye.

	<p>1.6 Devlope epi kontwole pwogrè nan reyalizasyon objektif eksplisit pou lekòl yo ak biwo santral la nan mizannèv estrateji pou elimine eka nan opòtinite ak eka nan akonplisman (espesyalman pou Elèv Anglè ak elèv ki genyen andikap yo).</p> <p><i>Alfabetizasyon Ekitab</i></p> <p>2.3 Founi yon pwogram etid ak ansèyman rigoure ki garanti ni sou plan kiltirèl ni sou plan lengwistik ki gen ladan opòtinite aprantisaj nan domèn atizinal, syans, alfabetizasyon, lang mondyal, edikasyon fizik/sante, ak edikasyon sivik, aksè nan espòtif ak teknoloji, epi entegre byennèt elèv yo konplètman.</p> <p><i>Travay Sosyal, Jistis Reparatri ak Sante Mantal</i></p> <p>1.8 Devlope kapasite pou abòde faktè sosyal ak sante ki kontribye nan lakin nan opòtinite, pa egzanp lafen, maladi kwonik, sante mantal, sante seksyèl, sanzabri, anssanm ak idantite LGTQ+.</p> <p>1.7 Elimine dispwopòsyon nan miz-an-èy Kod Konduit la nan asire sal klas akeyant ak valorizan pandan n'ap aplike divès pratik restorativ</p> <p><i>Edikasyon Segondè ak Edikasyon Altènatif</i></p> <p>2.1 Refòme lekòl segondè yo, ak lekòl altènatif yo (alternative school), konfòmman ak Massore, preparasyon pou karyè pwofesyonèl, ak opòtinite pou lòt kou pou prepare elèv yo pou inivèsitem karyè pwofesyonèl ak lavi.</p> <p>6.4 Ankouraje sansibilizasyon sou inivèsite ak karyè ansanm ak eksperyans travay nan kireye pakou ki vizib pou opòtinite nan edikasyon apre lekòl segondè, fòmasyon, komès ak opòtinite nan karyè.</p> <p><i>Angajman Fanmi ak Kominote</i></p> <p>3.4 Ogmante sistèm kòmantè pou fanmi yo ak biwo santral la ak lòt pèsonèl yo atravè pòtay kominikasyon ki baze sou teknoloji, epi aksè regilye ak dirijan nan distri yo ak nan lekòl yo pandan reyinyon nan nivo rejyonal yo, lekòl yo ak distri yo.</p> <p>4.1 Finanse tout lekòl yo pou reponn ak bezwen espesifik elèv y ap sèvi yo, pandan y ap konsidre Elèv k ap Aprann Anglè yo, Elèv ki gen Andikap yo, Elèv ki defavorize ekonomikman, Elèv ki riske kite lekòl, jèn ki pa jwenn ankadreman ak lòt ki majinalize parapò ak itswa yo.</p>
<p>3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Analiz ekite investisman yo pran kantite a an dola pa lekòl pou chak investisman, kalkile yon investisman pa elèv, epi aplike sa nan elèv ki aktyèlman enskri nan lekòl la. Itilizasyon ras ak lòt done demografik kle elèv yo, nou kalkile answit investisman mwayen pa elèv nan distri a pou chak gwoup demografik. Analiz sa gen ladan l elèv ki andikape, aprenan anglè, elèv ki soti nan fanmi fèb revni, ak elèv Azyatik, Nwa, Latina/o/x Blan.</p> <p>Pou twazyèm ane a, nou fè investisman majè pou kenbe pwogram nan tout lekòl yo, espesyalman sa yo ki ap sibi bèns enskripsyon yo. Investisman yo ap sèvi elèv ki andikape ak aprenan anglè ki depase investisman mwayèn pou tout aprenan yo. Done pèfòmans akademik yo montre disparite pa ras, ak estati aprenan anglè ak Edikasyon Espesyal. Nou panse ke pou konble lakin nan kesyon opòtinite, distri a dwe ogmante sipò yo bay elèv ki soti nan gwoup ki majinalize tradisyonèlman yo ak edikatè ki founi sèvis esansyèl yo.</p> <p>Ane sa, investisman estratejik distri a pral gen ladan l:</p> <ul style="list-style-type: none"> 9,6\$ M Enklizyon 6,3\$ M Edikasyon Miltileng 3,5\$ M Literasi Ekitab la 1,2\$ M Travay Sosyal, Jistis Reparatri ak Sante Mantal 1,1\$ M Lekòl Segondè ak Edikasyon Altènatif 1,9\$ M Angajman Kominotè

	<p>Investisman sa yo te eklere pa divès kòmantè ak divès analiz kritik nan kad pwosesis egzamen Depatman Primè ak Segondè e pa rekòmandasyon Konsèy Great City Schools konsènan Edikasyon Espesyal, Transpò, ak Sekirite, ak nouvo plan estratejik Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl (Office of Multilingual and Multicultural Education's, OMME). Anplis, distri a ap travay avèk patnè ekstèn yo pou finalize divès rekòmandasyon apati de analiz ekite lekòl transfòmasyon yo, yon odit done yo, ak yon evalyasyon ak tablo bò kondisyon enstalasyon yo.</p>
<p>4. Angajman Aktè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>	<p>Divizyon Finans la te solisite kòmantè prensipal pati prenan yo nan moman reyinyon ki vini an apre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • 15/11/22 Seyans Preparasyon Bidjè Sirentandan Lekòl la • 5/12/22 Nouvo Fòmasyon pou Dirijan Lekòl yo • 13/12/22 rive 01/02/23 Reyinyon Konsèy Sit Lekòl/Konsèy Etablisman Nan Chak Lekòl • 15/12/22 Seyans Preparasyon Tout Lidè yo <p>Manm Kominote ak Konsèy Sit Lekòl yo te mete aksan sou enpòtans ak seyans angajman lekòl yo ap dirije, epi rann materyèl bidjè yo aksesib epi rapidman disponib. Chèf etablisman yo ak manm kominote yo te mande BPS pou entegre pwosesis bidjè a avèk pwosesis bidjè ki operasyonèl la otan ke posib. Manm kominote yo te mande pou analiz ekite yo baze sou demografi elèv yo Dènyèman, yo te mande yon revizyon apwofondi enpak sou ekite estrateji aktyèl Finansman Pondere Elèv (Weighted Student Funding, WSF) yo.</p> <p>Nou pral kontinye chache ak entegre kòmantè yo pandan de (2) pwochen mwa yo, ki gen ladan yo reyinyon yo: 01/02/23 Reyinyon Komite Lekòl Boston yo (BSC) 16/2, 1/3, ak 15/3 Odyans Piblik sou Bidjè a</p>
<p>5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Alokasyon Pondere Finansman Elèv yo (Weighted Student Funding, WSF) se prensipal estrateji distri a pou asire yon repatisyon ekitab resous yo. WSF ap distribiye finansman baze sou kantite elèv nan chak lekòl, nan founi fon adisyonèl pou chak elèv ki gen yon Plan Edikasyon Endividalize ak chak elèv ki aktyèlman se yon aprenan anglè.</p> <p>Bidjè Egzèsis 2024 la kontinye entegre yon estrateji rediksyon "inofansif" k ap soutni lekòl ki gen diminisyon nan enskripsyon yo. Rediksyon enskripsyon sa yo gen yon enpak dispwopòsyone sou lekòl k ap desèvi pwopòsyon elèv koulè ki pi elve yo.</p> <p>Pwopozisyon Egzèsis 2024 la gen ladan l investisman ki konsantre sou enpak ak sipò dirèk elèv yo pou gwoup elèv nou yo ki pi majinalize yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Estrateji Enklizyon - Gras ak nouvo kontra Sendika Boston lan, BPS angaje li pou ogmante pratik enklizif yo. Plizyè Ane investisman pral elaji sipò elèv yo epi chanje divès pratik, kòmansman nan investi nan yon sou ansanm lekòl pou pilote nouvo fason pou angaje elèv ki nan ansèyman debaz Nivo 1 yo. Pandan nou ap konstwi yon plan ekspansyon enklizyon nan echèl distri a, nou pral jete egalman baz tout lekòl yo avèk yon fòmasyon sou sistèm soutyen a plizyè nivo. • Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl- Mizannè Plan Estratejik OMME pou reponn ak bezwen enskripsyon aprenan miltileng nou an k ap ogmante pral gen ladan l elaji aksè ak lang matènèl e ak edikasyon bileng, eksplwatasyon lang matènèl elèv yo, ak refont edikasyon bileng. • Literasi Ekitab - Apre pik pandemi an, distri a ap redouble efò pou mete an èv yon soutyen eksplisit nan lekti e ak ekriti ki fonde sou divès prèv pou tout elèv yo. Gras ak estrateji literasi ekitab nou an, elèv yo angaje chak jou nan divès tach ak tèks nivo lekòl ki adapte ak killti e ak lang lan, epi ki aliye sou divès nòm. Efò sa yo founi yon opòtinite pou anpeche ak fèmen eka yo.

	<ul style="list-style-type: none"> • Jistis Reparatris/Travay Sosyal/Estrateji Elèv yo - Ranfòse aksè ak sipò sosyo-emosyonèl epi asire sekirite elèv yo pral founi elèv nou yo ak pèsònèl la divès anviwònman aprantisaj ak ansèyman ki fizikman ak emosyonèlman san danje. • Segondè ak Edikasyon Altènatif - Ane pase, enskripsyon an te diminye apwoksativman 600 elèv; menm ane a, 600 elèv te abandone oubyen te dekwòche distri nou an. Nou ap envesti nan yon fòmasyon pwofesyonèl ak teknik wot kalite ak nan divès pakou inivèsité bonè. <p>Angajman Fanmi ak Kominotè - Li esansyèl pou asire ke pwojè yo nan echèl distri yo, ki gen ladan yo Green New Deal pou BPS ak Lekòl Kominotè Hub yo, rive byen mennen avèk yon angajman konplè fanmi an ak kominote a pou ede fasone oryantasyon pa yo epi rann BPS responsab pou reponn plènmman ak bezwen elèv nou yo.</p> <p>Ekip Finansman angaje pou itilize pi souvan ak plis an pwofondè REPT nan fòmilasyon ak mizannèv bidjè a.</p>
<p>6 Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman ekzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip ekzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Nou prevwa Pwojè Bidjè Egzèsis 2024 Vil la ap genyen yon ogmantasyon 65\$ Milyon pou BPS.</p> <p>Kolaborasyon Bidjè (“Collabs”) se divès reyinyon pou dirijan lekòl yo ak ajan liyezou depatman biwo santral pou ko-konstwi bidjè a ki prevwa yon lekòl pou ane lekòl k ap vini an pou yo kapab asire yo reponn ak bezwen tout elèv ki pwojete yo epi li konfòm ak lwa federal ak etatik e politik katye a. Kolaborasyon Bidjè a ak manm ekip mizannèv, ki gen ladan l direktè lekòl ak manm Biwo Finans, Kapital Imen, Edikasyon Espesyal, Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl, ak Transfòmasyon Lekòl ak Distri a.</p> <p>Kòmanse nan Egzèsis 2023, BPS te devlope Komite Revizyon Bidjè Lekòl (SBRC) pou evalye demann bidjè adisyonèl lekòl yo epi fè divès rekòmandasyon ak Direktè Finansye a. Demann sa yo gen ladan yo divès nouvote nan faktè WSF yo, divès egzansyon nan règ yo, ak lòt eksepsyon ak direktiv bidjetè estanda distri a. SBRC la, ki konpoze ak biwo santral e ak pèsònèl baze nan lekòl yo, aplike yon pwosesis priz desizyon ekita, koyeran ak transparan. SBRC mete an evidans tèm kle demann lekòl yo, ki pèmèt ak distri a, reyaji rapidman e avèk dilijans ak evolisyon bezwen lekòl yo.</p> <p>Ekip mizannèv bidjè a gen ladan l tout dirijan lekòl yo ak distri yo, an patenarya avèk Biwo Finans lan, epi ki se jeneralman reprezantan demografi elèv yo ak fanmi yo.</p> <p>Biwo Finans lan angaje aktivman nan yon pwosesis pou reenvante politik finansman lekòl nou an. Nouvo estrateji a pral rive mete an èv nan Ane Fiskal 2025 lan.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Divizyon Finans lan pral kontinye angaje nan kominote a atravè pwosesis bidjetè Konsèy Vil la, divès Tab wonn sou Ekite Kominotè, ak nouvote nan Komite Lekòl la.</p> <p>Anplis, nou pral mete ajou sitwèb Explore Budget (Eksplòre Bidjè a) avèk divès done adisyonèl pou angajman piblik la.</p> <p>Divizyon Finans lan pral responsab pou evalye ak kominike divès enpak sou bidjè Ane Fiskal 2024 la, epi entegre divès leson ki aprann pandan Ane Fiskal 2025 lan.</p>